



Pou Piblikasyon Imedya: 20/11/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO BAY ENSTRIKSYON AK FÒS ENTÈVANSYON KONT KRIM RAYIZANS NAN LAPOLIS ETA A POU LI EDE NAN ANKÈT SOU ATAK KONT YON GASON ÒTODÒKS NAN KONTE ROCKLAND

"Mwen pwofondeman afekte akòz atak sou yon gason Jwif Òtodòks yo te bat epi yo te pwanyade li plizyè fwa pandan li te sou wout li pou ale nan Sinagòg nan Monsey, Konte Rockland, bonè jodi a. Mwen ap bay enstriksyon ak Fòs Entèvansyon Kont Krim nan Lapolis Eta (State Police Hate Crimes Task Force) a pou ede nan Depatman Lapolis Ramapo ak biwo Cherif Konte Rockland kòm yap envestige atak atwòs sa a epi egzamine tout motif potansyèl, gen ladan si se anti-Semitis ki ta motive atak sa a.

Sa se pa yon ensidan izole, nan tout Eta a nou te wè yon monte alaman nan vandalis anti-Semitik ak atak ki motive ak rayisans yo. Nou pa kapab pèmèt kansè rayisans lan pou metastaze pi plis. Eskalad rayisans ak anti-Semitis dwe fini isit la epi kounye a, epi mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou denonse rayisans kèlkeswa lè ak kèlkeswa kote yo wè li".

###

Lèt nouwèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)